

ENFÒMASYON YO

KISA BANK OF AMERICA, N.A., GWROUP SÈVIS KAT PEYE ANNAVANS (“BANK LAN”), FÈ AK ENFÒMASYON PÈSONÈL OU?

Poukisa?

Konpayi finansye yo chwazi fason pou kominike enfòmasyon pèsònèl ou. Lalwa federal bay kliyan dwa pou mete limit nan enpe kominikasyon, men se pa tout. Lalwa federal egzije tou pou nou di w kijan nou kolekte, kominike ak pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo. Tanpri, li avi sa a ak anpil atansyon pou konprann kisa nou fè.

Kisa?

Kalite enfòmasyon pèsònèl nou kolekte ak kominike yo depann de pwodui oswa sèvis ou gen avèk nou an. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou ak Enfòmasyon sou travay ou
- Istwa sou Balans kont ak Peman
- Istwa tranzaksyon ak istwa Acha

Lè w pa kliyan nou ankò, nou kontinye kominike enfòmasyon w yo jan li dekri nan avi sa a.

Kijan?

Tout konpayi finansye bezwen pataje enfòmasyon pèsònèl kliyan yo pou mennen aktivite toulejou yo. Nan seksyon ki anba la a, nou site rezon ki fè konpayi finansye yo ka pataje enfòmasyon pèsònèl kliyan yo; rezon ki fè Bank lan chwazi pataje yo; ak èske w ka mete limit nan sa yo kominike yo.

Rezon ki fè nou ka pataje enfòmasyon pèsònèl ou	Èske Bank lan kominike enfòmasyon?	Èske w ka mete limit nan pataj enfòmasyon yo?
Pou nou mennen aktivite toulejou — tankou tretman tranzaksyon w yo, pou okipe kont ou an(yo), pou reponn a lòd tribinal ak ankèt legal, oswa pou fè rapò ba biwo kredi yo	Wi	Non
Pou nou fè maketing — pou ofri w pwodui ak sèvis nou yo	Non	Nou pa pataje
Pou kolabore nan maketing ak lòt konpayi finansye	Non	Nou pa pataje
Pou afilye nou yo mennen aktivite toulejou yo — enfòmasyon sou tranzaksyon ak eksperyans ou	Non	Nou pa pataje
Pou afilye nou yo mennen aktivite toulejou yo — enfòmasyon sou kapasite w nan zafè kredi	Non	Nou pa pataje
Pou sa ki pa afilye nou yo ofri vann ou pwodui	Non	Nou pa pataje

Ou gen kesyon?

Rele 800.845.8683 (kliyan Money Network), 855.333.4896 (Anglè: Tout lòt kliyan Kat peye annavans yo), 855.355.5057 (Panyòl: Tout lòt kliyan Kat peye annavans yo) oswa ale nan www.bankofamerica.com/prepaidprivacynotice

DPP-045775



DPP-045775

Kimoun nou ye

Kiyès k ap bay avi sa a?	Kisa Bank of America, N.A., Gwoup Sèvis Kat Peye Annavans
---------------------------------	---

Kisa nou fè

Kijan Bank lan pwoteje enfòmasyon pèsònèl mwen?	Pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou pou moun pa ale nan yo ni itilize yo san otorizasyon, nou sèvi ak mezi sekirite ki respekte lalwa federal. Mezi sa yo gen ladan pwoteksyon òdinatè ak dosye e bilding ki gen bonjan sekirite.
Kijan Bank lan kolekte enfòmasyon pèsònèl mwen?	Nou kolekte enfòmasyon pèsònèl ou, pa egzanp lè ou <ul style="list-style-type: none"> • Louvri yon kont oswa ou bay enfòmasyon sou kont • Ban nou enfòmasyon pou kontakte ou oswa ou di nou kikote pou voye lajan an • Peye bòdwo ou yo We also collect your personal information from other companies.
Poukisa mwen pa ka mete limit nan tout enfòmasyon k ap pataje?	Lalwa Federal ba ou dwa pou mete limit sèlman nan <ul style="list-style-type: none"> • pataj enfòmasyon ak afilye nou yo pou mennen aktivite toulejou yo — enfòmasyon sou kapasite w pou kredi • itilizasyon enfòmasyon w pou afilye yo ofri vann ou pwodui • pataj enfòmasyon pou sa ki pa afilye yo ofri vann ou pwodui Lalwa Eta a ak konpayi yo apa gendwa ba w plis dwa pou limite pataj enfòmasyon.

Definisyon

Afilye yo	Konpayi ki gen rapò akòz yo gen menm pwopriyete oswa menm kontwòl. Yo kapab konpayi finansye ak konpayi ki pa-finansye. <ul style="list-style-type: none"> • <i>Bank lan pa fè pataj enfòmasyon avèk afilye nou yo</i>
Ki pa afilye	Konpayi ki pa gen rapò menm pwopriyete oswa menm kontwòl. Yo kapab konpayi finansye ak konpayi ki pa-finansye. <ul style="list-style-type: none"> • <i>Bank lan pa fè pataj enfòmasyon avèk sa ki pa afilye nou yo pou yo kapab ofri ou pwodui</i>
Kolabore nan maketing	Yon akò ofisyèl ant konpayi finansye ki pa afilye ki mete yo ansanm pou ofri vann ou pwodui oswa sèvis finansye. <ul style="list-style-type: none"> • <i>Bank lan pa fè kolaborasyon nan ofri vann pwodui</i>

Antite legal Bank of America U.S.

Antite legal Bank of America U.S. ki itilize non sa yo: Bank of America, Banc of America, U.S. Trust, LandSafe, oswa Merrill Lynch, ansanm ak antite annapre la yo tou: BACAP Alternative Advisors, Inc., BofA Advisors LLC, BofA Distributors, Inc., General Fidelity Life Insurance Company, Managed Account Advisors LLC, NationsCredit Financial Services Corporation